# ҚАРАҚАЛПАҚ БАҚСЫШЫЛЫҚ ӨНЕРИНИҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ

**Анар Жақсымуратова** - *магистр*
*Илимий басшы: доцент* **Караматдин Заретдинов**

**Калит сўзлар:** бахши, дутор, мусиқа, сахна, жанр, терма, фольклор, композитор.
**Ключевые слово:** бахши, дутар, музыка, сцена, жанр, терма, фольклор, композитор
**Key words:** balshi, dutar, music, scene, genre, terma, folklore, composer.

Халқымыздың миллий өзлигин, әййемги тарийхын ҳәм тилин, оның турмыс тәрзин, дәстүр ҳәм үрп-әдетлерин өзинде жәмлеген, улыўмаинсаныйлық мәденияттың ажыралмас бөлеги сыпатында тән алынған бақсышылық өнери белгили бақсы-жыраўларымыз, фольклортаныўшы алымларымыздың пидайы мийнети, дөретиўшилик санасы менен әсирлерден әсирлерге өтип келмекте. [1.]

Елимиздиң руўхый дүньясының биреўи бул – фольклор. Ол халықтың көп жанрлы аўызеки поэтикалық дөретиўшилиги болып саналады. Аўыздан аўызға өтип киятырған даналық нақыл-мақалларында, сулыў қосықларында, шебер айтыс пенен жумбақларында, ҳайран қаларлық ертеклеринде, күлкили анекдотларында, тарийх жүзин жасырған, усталық пенен курылған, бай аңыз-әңгимелери, толғаўлары дәстанларында өткен өмирдиң өз алдына бир көркем сәўлеси бар. Бунда халықтың жаны өз алдына дүнья таныў көзкарасы, өткен өмирге баҳасы бар. [2.]

Ата-бабаларымыз бизге мийрас етип қалдырған бир неше аўызеки фольклорлық дөретпелер ҳәм аўыздан аўызға өтип киятырған миллий ырғаққа бай қосық сазларымыз ҳәм дәстанлардағы қосықларымыз, бақсыларымыз тәрепинен атқарылып, бизге шекем жетип келген уллы руўхый байлығымыз болып есапланады. Бақсышылық өнериниң раўажланыўына нәзер салатуғын болсақ, бул жол Ақымбет бақсы мектебинен басланады. Оннан бурын да бақсылар болған, бирақ өкинишке бола олар ҳаққындағы мағлыўматлар бизге шекем жетип келмеген.

Хорезм жеринде «Шағатайлы» аты қосық болып тиллерде дәстан болған әпсанаўий бақсы Ешбай өткен. Оны пүткил Хорезм ойпатында жасаўшы өзбек, қарақалпақ, түркменлер өзимиздиң бақсымыз деседи, – деп жазған еди белгили илимпаз Т.Адамбаева. [3.]

Усындай халқына қәдирли, қарақалпақ бақсышылығы ҳәм миллий музыка өнерине салмақлы үлес қосқан мелодист композитор Жапақ Шамуратов есапланады.

Жапақ Шамуратов – Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти, Бердақ атындағы Мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, атақлы бақсы, сазенде, композитор. Ол ҳәзирги заман қарақалпақ музыка мәдениятының тийкарын салыўшылардың бири. Әмиўдәрья районының Назархан аўылында 1893-жылы дийқан хожалығында дүньяға келген Ж.Шамуратов 8-9-классларынан баслап-ақ өзиниң бойында көркемшиликке деген талпыныў сезимлериниң ерте оянғанын, қулағында сазлардың гүўлеген сеслерин аңлай баслайды. Дуўтар шертиўге қумарланып оған болған ықласы күн күннен арта баслайды. Аўылға бақсы-жыраў келсе, олардың атқарған қосықларын, шерткенде сазларын зор ықлас пенен тыңлап, оны ядқа келтирип соң шертип үйренип жүрди. Аўылласы, белгили Шерназар бақсының досты сазенде Ешимбет деген ғарры Жапақтың бул ықласына кеўли питип, өзиниң кишкене дуўтарын сыйлық етеди. Жапақ бул дуўтарды жатса да, турса да қолынан түсирмей қәлеген жеринде шертип, еситкен намаларын сазға түсириўге талпынады.

1923-жылы Төрткүлде «Таң нуры» труппасы, 1932-жылы радио еситтириў комитети, 1936-жылы Жас тамашагөйлер театры, 1937-жылы музыка мектеплериниң ашылыўы Республикамыздың руўхый мәдениятының гүркиреп раўажланыўына айрықша тәсирин тийгизди.

Усы жыллары ҳүкиметимиз халық арасында руўхый азық тарататуғын бақсы-жыраўларды бир орайға жыйнап, бақсы-жыраў, қыссахан-қосықшылар ҳәм халық шайырларының алдында ҳақыйқатлықты сөз бенен, қосық арқалы жеткерип барыўды ўазыйпа етип қойды. 1933-жылы Жапақ Шамуратов усы мақсет пенен Төрткүлдеги радио еситтириў комитетине, музыкант-қосықшы болып жумысқа алынды. Оның хошҳаўазы менен атқарған «Ешбай», «Қошадес», «Еллерим барды», «Хожа бала», «Гөрқыз» тағы басқа қосықларын радио тыңлаўшылар үлкен ҳүрмет пенен қарсы алды. 1935-жылдан баслап Өзбекстанлы композиторлар И.Штейнберг, Д.Туманьян,

А.Брайловский, Қазақстанлы А.Затаевич, Киев консерваториясының профессоры И.Г.Компанеец, Москвалы педагог-скрипкашы Плаксин, композиторлардан В.Шафранников, А.Кондорштилов, педагоглар Заржевская, Н.Ягодинлер жергиликли музыка кадрларын таярлаўға хызмет етти. Жапақ бақсы 1936-жылда Қарақалпақ мәмлекетлик театрына музыкант ҳәм қосықшы болып жумысқа алынады. Оның шерткен намаларын Туманьян пианниноға салып, ноталастырады. Жапақ бақсы 1938-1939-жыллары театр қапталынан шөлкемлестирилген концерт бригадасына басшылық етип, пүткил республика бойлап гастролға шығады. Ол өзиниң сүйкимли даўысы, репертуарының көп түрлилиги, атқарыўшылық усылының өзгешелиги менен тыңлаўшылардың бар ықласын өзине бәнт етип алады. [4.]

1939-жылы Москваға барып, көзге көринген көркем өнер шеберлери менен ушырасады. Соның менен бирге, «Ўатан», «Алақайыс», «Ешбай», «Қошадес», «Салтық», «Еллерим барды» намаларын айтып, грампластинкаға түсиреди. Жапақ бақсы белгили рус педагогларының «Биз жеңемиз», «Фашизмге өлим», «Жаўды жексен етемиз» ҳәм тағы басқа қосықларды жыйнап «Ўатандарлық қосықлар» деген ат пенен 1941-жылы Төрткүлде топлам етип баспадан шығарды. Ж.Шамуратов Б.Туманьян, Г.Компанеец, В.Шафранников, А.Халимов ҳ.т.б. менен бирге көп жыл даўамында 20 дан аслам музыкалы драма ҳәм комедияларға музыка жазды. Булардың қатарына, «Бағдагул», «Көклен батыр», «Хорлықтан азат», «Айгул-Абат», «Арал қызы», «Бердақ», «Лейтенант Елмуратов», «Әмиў бойында», «Сүймегенге сүйкенбе» басқа да музыкалы драмаларға намалар жазды. Оның дөретиўшилик жолында қосық, хор ҳәм ойынлар саз музыкалары тийкарғы орынға ийе. Бул тараўда ол 200 ден зыят шығармалар жазды. Олардан «Қарақалпақстан» «Әмиўдәрья», «Мийнет бахыт», «Сондай күлдим», «Малика жан, Мәккежан», «Естелик еттим орамал», «Наўқан тутқан қыз», «Бәҳәр сүйген яр», «Пахта», «Нәмарт жигит неге дәркар», «Унивесалшы достыма», «О, Мари, Мария», «Шопанлар», «Еки ана», «Биз бахытлы жаслар», «Толқын», «Әмиўдәрья» басқа да мектеп оқыўшылары ушын жазған намаларын халқымыз сүйип тыңлап киятыр.

Ж.Шамуратов «Мийнет қызыл байрағы», еки рет «Ҳүрмет белгиси» орденлери менен ҳәм де бир неше медаллар менен сыйлықланған. Ж.Шамуратов 1938-жылдан баслап бес мәртебе Республика Жоқарғы Кеңесиниң депутатлығына сайланған. Ол Өзбекстан композиторлары аўқамының ағзасы. 1974-жылы Нөкис мәмлекетлик көркем өнер билим журтына оның аты қойылды.

Ж.Шамуратовтың аткарыўшылық ҳәм дөретиўшилик музыкалық мийрасларын «Жүрек тарлары», «Жапақ бақсы Шамуратов» тарийх, әдебият ҳәм энциклопедия топламларында баспадан шығарған. Ардақлы устаз Ж.Шамуратов белгили композиторлардан А.Қайратдинов, А.Султанов, Ғ.Аманиязов, Х.Турдықулов ҳ.т.басқаларға устазлық еткен. Композитордың ерискен үлкен табысы 1950 жыллары дөретилген «Қарақалпақстан» атлы хор болды. Бул шығарма 1957-жылды Ташкентте өткерилген қарақалпақ мәденияты ҳәм әдебияты декадасында атқарылады.

Оның дөреткен бай бийбаҳа музыка мийраслары телерадиокомитет архивинде грампластинкаларда жазып қалдырылған. Ж.Шамуратов 1973-жылы қайтыс болады. [5.] Республикамыздың бай мәдений мийрасынан саға алған бүгинги күндеги қарақалпақ музыка мәденияты жоқары шоққыларға көтерилди. Бул шоққыға көтерилиўде профессиональ музыка қәнигелериниң үлеси айрықша. Себеби, саз өнери жүдә күшли раўажланған, жәҳән халықлары өз көркем өнери менен жарысқа түсип атырған биз жасап атырған әсирлерде (XX-XXI), үлкен дүньялық сахнада қарақалпақ халқының өзине тән ҳаўазын, өнерин, өзлигин танытыў аңсат ис емес. Бул ўазыйпаны өз дәўиринде айрықша шығармалар дөретип халық байлығына айландырыўы менен табыслы атқарған композиторларымыз көп. Айырымлары ҳәзирги күнимизде де табыслы мийнет етип атыр. Биз бундай профессиональ музыка қәнигелерин ҳүрмет пенен тилге аламыз. Олардан атап өтетуғын болсақ, өткен әсирдиң 60-жылларынан баслап музыка тараўын раўажландырыўға өз үлеслерин қосқан ҳәм қосып атырған Жапақ ата Шамуратов, Әлимжан Ҳалимов, Нажимаддин Мухаммеддинов, Худайберген Турдықулов, Әбдирейим Султанов, Кеңесбай Абдуллаев, Қайып Демесинов, Марқабай Жийемуратов, Роман Султанов, Қурбанбай Заретдинов, Шарапатдин Пахратдинов, Зийўатдин Лепесов, Нурназар Қәллибеков, Қәдир Ҳилалов ҳ.т. басқалар биз жасап атырған дәўирдиң музыка мәдениятын жүдә рәңбәрең дәрежеде тасқынлатып раўажландырды. Жәҳән музыкасы сахнасынан өзлерин көрсете алды, жарысларда қарақалпақ халқының ылайықлы орынын алып берди. Бири биринен ағла,

әжайып шығармалар жүзеге келип халқымыздың руўхый дүньясын байытыўда, кеўил гәўҳарының нурын өткирлестириўде айрықша хызмет етти. Олардың мийнетлерин халқымыз бәрҳа қәдирлеп келди ҳәм буннан былай да қәдирлей береди.

**Әдебиятлар**


1. Ш.М.Мирзиёев «Бақсышылық өнерин және де раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-4320-санлы Қарары, 14.05.2019 ж.
2. Қ.Мақсетов «Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар», «Қарақалпақстан»-1990 ж, 8-9 бб.
3. М.Нызанов «Қарақалпақлар», «Билим» баспасы, 2020 ж.
4. Ж.Шамуратов «Қосықлар ҳәм намалар», Нөкис-1995.
5. М.Нызанов, 402-404 бб.



**РЕЗЮМЕ.** Бул мақалада қарақалпақ халқының әзелден киятырған миллий музыка көркем өнериниң басламасы саналған бақсышылық өнери, ҳәм оны раўажландырыўға үлес қосқан бақсылар ҳаққында баян етиледи. Сондай-ақ, бақсышылық өнериниң әўладтан-әўладқа жетип келиўи, оның бийбаҳа өнер дөретпеси екенлиги ашып берилген. Халық аўызеки дөретпелери ҳаққында да пикирлер келтирилген.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье описывается искусство бакши, считающееся национальным музыкальным наследием каракалпакского народа, и бакши, внесшие большой вклад в его развитие. Также выясняется, что искусство дарения подарков передается из поколения в поколение и является бесценным шедевром искусства. Также высказываются мнения о фольклоре.

**SUMMARY.** This article describes the art of bakshi, which is considered the national musical heritage of the Karakalpak people, and the bakshi who made a great contribution to its development. Also, it is revealed that the art of gift giving is passed down from generation to generation, and that it is a priceless masterpiece of art. Opinions are also given about folklore.


# DAWÍS APPARATÍN RAWAJLANDÍRÍW PRINCIPLERI HÁM REZONATORLAR - DAWÍSTÍ KÚSHEYTTIRIWSHI ORGANLAR HAQQÍNDA


**Kulambetova Jańıl** – *oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanch so‘zlar:** xonanda, ovoz apparati, vokal, tovush, ovoz mashqlari, badiiy asar.
**Ключевые слова:** певец, звуковой аппарат, вокал, звук, голосовые упражнения, художественная работа.
**Key words:** singer, sound apparatus, vocals, sound, voice exercises, artistic work.


Xalıq óziniń basınan ótkergen hár qıylı tariyxıy waqıyalarǵa bay turmısın, ruwxıy kewil keshirmelerin hám psixologiyasın qosıqlar arqalı sáwlelendirgen. Adamlardıń hár tárepleme estetikalıq zawıqqa bóleniwine qosıqtıń tásiri oǵada kúshli bolǵan. Ápiwayı hám jaydarı sózlerden quralǵan qosıqlar barlıq waqıtta adamnıń ómirge, gózzallıqqa degen muhabbatın arttırıp, óziniń eń jaqsı ideyaları menen xalıqqa tárbiyalap keledi. Bunday qosıqlar Watandı qádirlewge shaqıradı, miynetke degen súyispenshilikti arttıradı hám júreklerde muhabbat sezimlerin oyatadı. Sebebi qosıq hám saz arqalı insan quwanıshın, shadlıǵın, qayǵısın, arzıw-ármanların, ishki sezimlerin, debdiwlerin shıǵara alǵan. Qosıq adamdı sıyqırlap alatuǵın kúshke iye ekenligi hámmege belgili. Sonlıqtan da sóz benen jetkere almaǵan názik oyların saz arqalı jetkergen.

Qosıq – (latınsha cantus, cantio, italyansha canzona, francuzsha chanson, inglisshe song, nemecshe lied) – vokal muzıkasında keńnen rawajlanǵan janr, sonday-aq, qosıq yamasa rechitativ shınıǵıwǵa arnalǵan poetikalıq shıǵarmanıń belgileniwi. Qosıq sóz hám muzıkalıq mazmunına (patriotlıq, lirikalıq, satiralıq, marsh, ayaq-oyın sıyaqlı taǵı basqa túrlerinde), faktura hám atqarıwshılar quramına (bir hám kóp dawıslı, jeke hám xor, saz ásbap járdeminde hám saz ásbapsız – qalalıq, kúndelikli, áskeriy h.t.b.) qaray dóretiledi. Qosıqtıń muzıkalı forması poetikalıq teksttiń mazmunı hám dúzilisi menen baylanıslı. Onıń keń tarqalǵan túri – kupletli forma. Qosıqlar jeke avtorlı hám avtorsız (umıtılıp ketken) bolıp ajıraladı. Mısalı, xalıq qosıǵı – awızeki sóz folklorınıń túri bolıp esaplanadı.[1,98]